Hospice of Palm Beach County
Licensed since 1981
We're there.

# KONSANTMAN AK KONESANS/CHWA BENEFIS

## BI PWOGRAM NAN

Mwen, ki ap reprezante malad-la ou manb fanmi-l, mande admisyon nan pwogram de swen de mezon de repo-a e konsanti e dako a sa kab vin-la:

Mwen konprann ke bi mezon de repo se pou kontwole sentom, ladan yo gen doulè, e pou bay malad ak fanmi-l swen emosyonèl e spirityèl. An plis mwen konprann ke entansyon pwogram nan se pa pou geri maladi de baz-la.

Yo te ban mwen materyèl a lekri konsènan dwa ak reskonsablite mwen kom yon malad de Mezon de Repo nan Palm Beach County.

Mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen fòmile Desizyon Davans, men ke mwen pa anba ekzijans pou mwen fè sa pou ke mwen kapab resevwa sèvis. An plis, mwen konprann ke nenpot Advance Directive ke mwen ekzekite, Mezon de Repo nan Palm Beach County , e moun kap ban-m swen yo, ap suiv li , jan ke la lwa pèmèt.

Mwen te fè sa ki vin devan:

- ☐Testaman
- ☐Pouvwa Avoka Kap Dire
- ☐Deside ki Moun Ki Pou Pran Desizyon de Afe Sante Mwen.
- ☐Mwen pa fomile Desizyon Davans nan moman sa.

## DEGRE DE SWEN

Mezon de Repo bay kat nivo de swen: swen lakay ki fèt tout tan, swen jeneral pou entene, swen kontinyèl, e swen de soulajman. Swen lakay kap fèt tou tan bay le malad la rete lakay ou byen nan azil. Pandan peryod de kriz, yo bay swen pou moun ki malad anpil nan pati nan mezon de repo pou moun ki entene, on lopital ki bay swen pou malad grav ou byen azil ki bay swen espesyal; ou byen , le li posib, malad ka rete lakay pou resevwa swen kontinyel jiskaske sentom grav yo rezoud. Si gen bezwin, swen soulajman disponib, kote malad la ka ale nan azil ki bay swen spesyal ou byen nan depatman pou entene nan mezon de repo pou on period de 5 jou. Mwen konprann ke se ekip profesyonèl mezon de repo-a ki pou pran desizyon pou di si on chanjman nan nivo de swen nesese. An plis mwen konprann ke mwen ka reskonsab finansyèman pou nenpot swen lopital, sèvis an ijans ou byen tretman medikal ki gen rapo avèk maladi ki limite la vi-a, ki pa aranje pa Mezon de Repo de Palm Beach County and ki pa nan Plan de Swen de mezon de repo-a.

## LOJMAN E FRÈ DE VI NAN AZIL.

Mwen konprann ke lojman ak fre pou viv se reskonsablite malad la/fanmi-l. Si mwen aplike pou Medicaid pou shanm e lot frè de vi nan azil, mwen aksepte reskonsablite pou mwen patisipe omaksimom nan prose aplikasyon-an.

______ Inisyal moun ki reskonsab-la

## LIBERASYON DOSYE

Mwen konprann ke Mezon de Repo nan Palm Beach County ka bezwen obteni ou libere dosye medikal mwen e lot enfomasyon tankou yo a/de lopital, azil de swen espesyal, doktè, famasi, ajans pou swen lakay, konpayi asirans, plan benefis sante, ou lot pou asire kontinite de swen e ranbousman Nonmal. Mwen otorize moun e antite anle yo pou libere bay Hospice de Palm Beach County, Inc. tout dosye medikal e enfomasyon ki gen rapo ak sa ak entansyon pou swen sante-m ou pou resevwa peman pou sèvis e founiti yo banmwen. Mwen otorize Hospice de Palm Beach County pou libere tout posyon de dosye medikal mwen pou asire kontinite de swen e ranbousman Nonmal. Mwen konprann e dako ke otorizasyon sa yo spesifikman gen ladan yo pemisyon-m e konsantman pou relache tout infomasyon konsenan dyagNonstik

Nonn malad-la __________________

Nimewo Ka-a __________________

de SIDA ou rezilta egzamen de Viris ImiNondefisians Imen (HIV). On kopi otorizasyon sa ap osi bon ke orijinal la.

**OTORIZASYON POU ALE CHECHE NAN FAMASI E LIBERASYON KOUVETI SEKIRITE KE TI MOUN PAKAPAB OUVE**

Mwen otorize yon amplwaye de Hospice of Palm Beach County, Inc pou ale chèche medikaman nan nimpot famasi, mezi ke yo bezwen an ka ke yon manb nan fanmi yan ou byen reprezantan legal la pa disponib. I mande ke medikaman yo ak preskripsyon yo ale nan veso san kouvèti ke ti moun pa kapab ouvè.

**RESEVWA INFOMASYON**

Yo esplike Sèvis mezon de repo a Nonu minm; keksyon Nonu ginyin de pwogram swen Hospice la te repon-n e yo te satisfè Nonu. Yo baNonu materyèl sa yo: Yon ti Liv Infomasyon, yon kopy pou dwa pasyan, Desizyon Davans e lot bagay ki ekri ki esplike dwa legal yon pasyan pou aksepte ou byen refize tretman e pou Prepare yon Desizyon Davans pou swen sante, e reg pou pratike dwa sa yo.

______ Inisyal moun ki reskonsab-la

**PWOTEKSYON ASIRANS**

Pa papye sa mwen otorize pou peman fèt pou mwen dirèkteman a Hospice de Palm Beach County pou benefis asirans sante ki otreman tap peye a mwenmen-m pou benefis de depans pwofesyonel e medikal ki pèmèt pa plan asirans ke mwen gen kounye-a. Si plan asirans ke mwen gen kounye-a defann peman a moun ki bay swen, mwen enstui e mande ke konpayi asirans lan fè on chèk a mwen e voye-l nan adrès sila:

Hospice of Palm Beach County,Inc., 5300 East Avenue, West Palm Beach, Fl, 33407

Pa papye sa mwen otorize Hospice de Palm Beach County pou-l andose peman-an e depose-l nan kont yo e itilize-l kom peman kont lajan mwen dwe peye pou sèvis yo banmwen. SA SE ON DEZIYASYON DIRÈK DE DWA-M E BENEFIS MWEN ANBA RÈG SILA. Mwen konprann ke mwen kapab redevab anvè Hospice de Palm Beach County pou nenpot balans lajan pou sèvis ki an plis de sa asirans peye.

Mwen konprann ke mwen reskonsab totalman pou tout sevis ke HPBC bay, selon jan-l di devan:

Si mwen kalifye pou benefis pou mezon de repo anba Medicare ou Medicaid, pwogram sa-yo ap peye pou tout pri e mwen pap gen redevans finansye.

Si mwen pa kalifye pou benefis pou mezon de repo anba Medicare ou Medicaid, men mwen genyin benefis pou mezon de repo anba on plan asirans medikal komèsyal, mwen ap reskonsab pou tout ou pou posyon pri sa-yo ke plan pa peye, i.e., dediktib, pri patisipasyon mwen, e pri ki an plis limit plan bay. Montan ekzat pou pri sa-yo ke mwen reskonsab-la ap kalkile dapre on evalyasyon de sitiyasyon finans mwen ak fanmim-m.

.Si mwen pa kalifye pou benefis pou mezon de repo anba Medicare ou Medicaid e ke mwen pa gen pwoteksyon asirans komèsyal, map reskonsab pou tout ou pou posyon pri sèvis mezon de repo dapre on evalyasyon finansye ke yo dwe fèt de mwen ak fanmi-m.

Nonn malad-la __________________

Nimewo Ka-a __________________

# SÈLMAN POU MOUN KAP RESEVWA MEDICARE/MEDICAID

1. Mwen konprann ke le mwen aksepte Benefis pou Hospice de Medicare/Medicaid, mwen reNonnse dwa-m yo pou benefis regilye avèk eksepsyon sèlman pou peman a doktè kap pran swen-m e tretman pou kondisyon medikal ki pa gen rapo avèk maladi ki limite vi-m nan.

2. Mwen konprann ke mwen ka revoke Benefis Hospice la nempot le e ke mwen ka gen benefis Medicare / Medicaid tounen an plen fos imedyatman le-m siyen.

**KEKSYONE MEDICARE KOM DEZYÈM SOUS PEMAN**

1. Ès ke wap travay kounye-a an plen tan ou a tan pasyèl? ☐ Wi ☐ Non
   Es ke madanm-ou ap travay an plen tan ou a tan pasyèl? ☐ Wi ☐ Non.
2. Ès ke ou gen dwa a benefis medikal pou Black Lung? ☐ Wi ☐ Non
3. Ès ke sèvis sa se te pou tretman ki gen rapo avèk blese ou maladi ki gen repo ak travay? ☐ Wi ☐ Nonn
   **SI OU DI WI**, tanpri bay Nonn e adrès ajans worker's comp , konpayi asirans, e anploye-ou.

---

4. Ès ke sèvis sa se pou tretman de on blese ou maladi ki fèt a koz on aksidan machin ou lot kalite aksidan? ☐ Wi ☐ Non
   **SI OU DI WI** tanpri bay Nonn/adrès e nimewo plan asirans machin ou dèt ki pa pou machin ou san fot asirans. ____________________________________________________________
5. Ès ke ou resevwa on chanjman de ren? ☐ Wi ☐ Non
   Ès ke wap resevwa tretman dialysis? ☐ Wi ☐ Non.
6. Ès ke ou resevwa tretman dialysis de mentyin? ☐ Wi ☐ Non
7. Ès ke ou gen kat sèvis frè de Depatman de VA Affairs? ☐ Wi ☐ Non

Mwen rekonèt e konprann sak ekri anlè-a, mwen chwazi
☐ Medicare pou Benefis Hospice ☐ Medicaid pou Benefis Hospice -Florid

---

Mwen otorize sèvis mezon de repo de Hospice de Palm Beach County, Inc. a pati ____________
(Dat)

______________________________ ______________________________
Siyati malad-la ou reprezantan legal-li | Dat

______________________________ ______________________________
Adrès reprezantan legal (si gen bezwen) | Relasyon-l ak malad-la

______________________________ ____________________ ______________________________
Siyati reprezantan Hospice | Dat | Nonn malad-la

______________________________
Nimewo ka-a

Nonn malad-la _________________

Nimewo Ka-a _________________